

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Sumber data mangrupa sakabéh obyék anu bakal ditalungtik, kaasup aspék-aspék anu dipaluruh sarta ditalungtik salila prosés panalungtikan. Hiji panalungtikan dina nangtukeun obyékna aya nu langsung ditangtukeun jeung aya ogé anu kudu nangtukeun populasi jeung sampel heula. Dina ieu panalungtikan obyék datana langsung ditangtukeun lantaran métode anu digunakeunana nya éta métode kuasi ékspérimén.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2012/2013 anu jumlahna aya 34 urang. Ngawengku 16 urang lalaki jeung 18 urang awéwé. Hasil tina maca dongéng siswa éta mangrupa data anu satuluyna dijadikeun bahan panalungtikan.

3.2 Desain Panalungtikan

Numutkeun Campbell jeung Stanly dina Arikunto (2010:123) nétélakeun yén sampurna jeung henteuna hiji panalungtikan gumantung kana desain panalungtikan. Desain panalungtikan dibagi jadi dua kelompok:

- 1) *Pre-Experimental Design* atawa disebut ogé eksperimen anu can sampurna. *Pre-Experimental Design sering kali dipandang sebagai eksperimen yang tidak sebenarnya. Oleh karena itu sering disebut juga dengan istilah “quasi eksperimen” atau eksperimen pura-pura.*
- 2) *True Experimental Design* atawa disebut ogé eksperimen anu sampurna.


Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap:

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) ngalaksanakeun pratés di kelas anu mangrupa sumber data;
- 3) ngalakukeun pangajaran maca dongéng ngagunakeun média audio visual;

- 4) ngalaksanakeun pascaté salaku léngkah pikeun mikanyaho kamekaran kamampuh anu dipiboga ku siswa sanggeus dibéré *perlakuan*. Kamekaran siswa ditilik ngaliwatan babandingan skor pratés jeung pascaté;
- 5) ngolah hasil pratés jeung pascaté nepi ka réngsé;
- 6) ngitung rata-rata pratés jeung pascaté;
- 7) nguji hipotesis.

Ditilik tina léngkah-léngkah anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data anu carana nya éta tés. Tés kabagi jadi pratés jeung pascaté.

Ku kituna, ieu panalungtikan kaasup kana *one group pretest-posttest design*, anu digambarkeun saperti ieu dihandap.



Desain panalungtikan *pre-test and post test group*

(Sugiono, 2011:112)

Katerangan:

O₁: tés awal saméméh perlakuan (*pre-test*)

O₂: tés ahir sabada perlakuan (*post-test*)

X : perlakuan ngagunakeun média *audio-visual*

3.3 Méthode Panalungtikan

Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan mangrupa pamarekan panalungtikan kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2011:13) métodé kuantitatif dingaranan métode tradisional, ku sabab métode ieu geus lila digunakeun nepi ka geus jadi tradisi dipaké pikeun panalungtikan. Métode ieu salaku métode ilmiah ku sabab geus nyumponan kaidah-kaidah ilmiah nu émpiris, obyéktif, kaukur, rasional, jeung sistematis.

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham sarta pikeun ngaréngsékeun masalah. Dumasar kana tujuan nu baris dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun métode pré-ékspériméntal atawa ékspériméntal semu (*quasy eksperimental research*) nya éta panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol.

Métode pré-ékspériméntal mangrupa salah sahiji métode panalungtikan anu produktif, sabab digunakeun pikeun ngajawab hipotesis anu geus dirumuskeun. Dina ieu panalungtikan panyusun ngagunakeun métode kuasi ékspérimén pikeun ngukur kamampuh siswa dina maca dongéng ngagunakeun média *audio-visual*

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010:161) variabel nya éta objék panalungtikan atawa naon-naon nu jadi *pusat perhatian* dina hiji panalungtikan. Aya dua variabel dina panalungtikan nya éta variabel bébas (*independen variabel*) jeung variabel kauger (*dependent variabel*).

Dumasar kana babagian variabel anu ditétélakeun di luhur, média *audio-visual* dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel bébas (variabel X), sabab mangrupa variabel anu mangaruhan kana variabel séjén (variabel Y). Ari maca dongéng dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel kauger (variabel Y), sabab mangrupa variabel anu dipangaruhan ku variabel séjén atawa variabel bébas (variabel X).

3.4.2 Wangenan Operasional

Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel, boh variabel bébas boh variabel kauger.

- 1) Éféktivitas nya éta ukuran kasuksésan salah sahiji hal dina prosés kagiatan diajar sanggeus ditangtukeun tujuanana.
- 2) Média nya éta salasahiji bahan pikeun pangajaran nu miboga fungsi salaku fasilitator dina medar rupa-rupa perkara (biasana mangrupa alat).

- 3) *Audio-visual* nya éta salasihiji produk nu ngabogaan fungsi pikeun mintonkeun informasi atawa wacana ngaliwatan audio (sora) jeung visual (gambar/gambar gerak).
- 4) Maca nya éta hiji prosés anu dilakukeun sarta digunakeun ku pamaca pikeun meunangkeun *pesan*, nu baris ditepikeun ku panulis.
- 5) Dongéng nya éta salah sahiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok kaselapan bagian anu dikawihken, umumna parondok. Turun-turunna jeung sumebarna ku cara lisan.

Jadi anu dimaksud ku “Efektivitas Média *Audio-Visual* dina Pangajaran Maca Dongéng” nya éta gambaran éféktif atawa henteuna média *audio-visual* dina pangajaran maca dongéng siswa SMP Negeri 45 Bandung.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat bantu pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Instrumén mangrupa hal anu penting, sabab hasil henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diperlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotésis dikumpulkeun ngaliwatan instrumén. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa wangun tés jeung pedoman obsérvasi.

3.5.1 Tés

Tés nya éta runtuyan patalékan atawa alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010:193).

Tés anu digunakeun nya éta tés maca dongéng di hareup kelas. Ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén mangrupa format meunteun maca dongéng.

- Format tés

Lawungan ka-1 (pratés)

Média jeung sumber pangajaran nu digunakeun nya éta matéri ngeunaan dongéng.

Instrumén Pratés

Prak hidep ngadongéng di hareupeun kelas, sing alus lafalna, intonasi, nada, tekanan, pasemon jeung gerak-gerikna!

Katangtuan ngadongéng

- 1) Siswa saurang-saurang maju ngadongéng di hareupeun kelas
- 2) Waktu teu leuwih ti 5 menit
- 3) Komponén nu dipeunteun:
 - I. Maham eusi
 - II. Galur carita
 - III. Lafal
 - IV. Intonasi
 - V. Nada/tekanan
 - VI. Pasemon/gerak-gerik

Lawungan ka-2 (postés)

Média jeung sumber pangajaran nu digunakeun nya éta video rékaman maca dongéng Rasdha ti SD Pengadilan 2 Tasikmalaya.

Instrumén Postés

Prak hidep ngadongéng di hareupeun kelas, sing alus lafalna, intonasi, nada, tekanan, pasemon jeung gerak-gerikna saperti conto dina video ngadongéng Rasdha ti SD 2 Pengadilan Tasikmalaya!

Katangtuan ngadongéng

- 1) Siswa saurang-saurang maju ngadongéng di hareupeun kelas
- 2) Waktu teu leuwih ti 5 menit
- 3) Komponén nu dipeunteun:
 - I. Maham eusi
 - II. Galur carita
 - III. Lafal

- IV. Intonasi
- V. Nada/tekanan
- VI. Pasemon/gerak-gerik

Anapon pedoman ngajén dongéng bisa katitén dina tabél 3.1 ieu di handap.

Tabél 3.1
Pedoman Ngajén Dongéng

Kamampuh Maca	Skor	Tingkat	Keterangan
Maham eusi	5	Hadé pisan	bisa maham pisan kana eusi dongéng nu ditepikeun.
	4	Hadé	maham kana eusi dongéng ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	siswa bisa maham kana eusi dongéng, tapi aya saeutik kasalahan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	siswa kurang bisa maham kana eusi dongéng.
	1	Kurang pisan	siswa teu bisa maham kana eusi dongéng.
Galur carita	5	Hadé pisan	galur carita ngaguluyur, luyu jeung instrumén panalungtikan.
	4	Hadé	galur carita ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	galur carita kurang luyu jeung instrumén panalungtikan.
	1	Kurang Pisan	galur carita teu luyu jeung instrumén panalungtikan
Lafal	5	Hadé pisan	jéntré, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	lafal siswa méh teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan lafal, tapi masih bisa ditarima.

Kamampuh Maca	Skor	Tingkat	Keterangan
	2	Kurang	loba kasalahan lafal.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan lafal
Intonasi	5	Hadé pisan	merenah pisan, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	hampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan intonasi, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	loba kasalahan intonasi jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan intonasi
Nada/ tekanan	5	Hadé pisan	merenah pisan, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	hampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan nada/tekanan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	loba kasalahan nada/tekanan jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan nada/tekanan
Pasemon/ gerak-gerik	5	Hadé pisan	gerak awak geus luwes, henteu kaleuleuwihi, jeung matak kataji.
	4	Hadé	pasemon/gerak-gerik geus alus, hampir teu aya kasalahan.
	3	Sedeng	pasemon/gerak-gerik kurang alus, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	pasemon/gerak-gerik kaleuleuwihi, kurang luwes jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	pasemon/gerak-gerik teu pas jeung teu aya éksprési.
Jumlah Skor	6-30		
Peunteun	2-10		

Skala Likert (Ridwan, 2007:12)

Kacindekan skor

Hadé pisan : 30-27

Hadé : 26-23

Sedeng : 22-18

Kurang : 17-12

Kurang pisan : 11-6

Sanggeus méré peunteun dumasar kana aspék anu aya dina tabél di luhur, pikeun nangtukeun jumlah skor murni karangan éséy siswa, digunakeun pedoman meunteun ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor anu ideal}} \times 100\%$$

3.5.2 Obsérvasi

Instrumén anu digunakeun nya éta pedoman obsérvasi ieu di handap.

Tabél 3.2
Pedoman Obsérvasi

No.	Aktivitas Diajar	Éféktifitas		Katerangan
		Éféktif	Teu Éféktif	
1.	Guru nepikeun matéri pangajaran maca dongéng			
2.	Tés kamampuh siswa dina maca dongéng (<i>prétés</i>).			
3.	Guru méré conto video cara-cara maca dongéng nu bener.			
4.	Tés kamampuh siswa dina maca dongéng (<i>postés</i>).			

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés jeung téhnik obsérvasi.

1) Tés

Tés anu dilakukeun jumlahna dua kali. Tés kahiji mangrupa prétés, nya éta tés kamampuh awal saméméh siswa ngalaman prosés diajar ngajar. Prétés mibanda maksud mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran maca dongéng saméméh meunang “perlakuan” (*treatment*). Tés kadua mangrupa postés, nu mibanda maksud pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran maca dongéng sabada meunang “perlakuan” (*treatment*). Anapon tés nu dilakukeun dina panalungtikan mangrupa tés prakték maca dongéng di hareupeun kelas.

2) Obsérvasi

Arikunto (2010:199-200) nétélakeun sawangan ngeunaan obsérvasi saperti ieu di handap.

Di dalam pengertian psikologik, observasi atau yang disebut pula dengan pengamatan, meliputi kegiatan pemuatan perhatian terhadap sesuatu objek dengan menggunakan seluruh alat indra. Jadi, mengobservasi dapat dilakukan melalui penglihatan, penciuman, pendengaran, peraba, dan pengecap.

Obsérvasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku jalan nyaksian “penampilan” jejer panalungtikan sacara langsung.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data nu bakal diolah jeung dianalisis téh ngawengku data hasil kamampuh awal (prétés) jeung data kamampuh ahir (postés).

Kamampuh awal siswa kudu ditéangan pikeun nangtukeun pangaruh “perlakuan” (*treatment*) kana média *audio-visual* dina pangajaran maca dongéng. Upama kamampuh awal geus katitén tangtu bakal gampang nangtukeun gedé leutikna pangaruh média nu digunakeun.

Léngkah-léngkah ngolah data saperti ieu dihandap.

3.7.1 Meunteun kamampuh dongéng boh prétés boh postés.

Katangtuan ngajén bisa katitén tina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3
Pedoman Ngajén Dongéng

Kamampuh Maca	Skor	Tingkat	Keterangan
Maham eusi	5	Hadé pisan	bisa maham pisan kana eusi dongéng nu ditepikeun.
	4	Hadé	maham kana eusi dongéng ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	siswa bisa maham kana eusi dongéng, tapi aya saeutik kasalahan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	siswa kurang bisa maham kana eusi dongéng.
	1	Kurang pisan	siswa teu bisa maham kana eusi dongéng.
Galur carita	5	Hadé pisan	galur carita ngaguluyur, luyu jeung instrumén panalungtikan.
	4	Hadé	galur carita ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	galur carita kurang luyu jeung instrumén panalungtikan.
	1	Kurang Pisan	galur carita teu luyu jeung instrumén panalungtikan
Lafal	5	Hadé pisan	jéntré, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	lafal siswa méh teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan lafal, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	loba kasalahan lafal.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan lafal
Intonasi	5	Hadé pisan	merenah pisan, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	hampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

Kamampuh Maca	Skor	Tingkat	Keterangan
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan intonasi, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	loba kasalahan intonasi jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan intonasi
Nada/ tekanan	5	Hadé pisan	merenah pisan, teu aya kasalahan.
	4	Hadé	hampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.
	3	Sedeng	aya saeutik kasalahan nada/tekanan, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	loba kasalahan nada/tekanan jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	loba pisan kasalahan nada/tekanan
Pasemon/ gerak-gerik	5	Hadé pisan	gerak awak geus luwes, henteu kaleuleuwihi, jeung matak kataji.
	4	Hadé	pasemon/gerak-gerik geus alus, hampir teu aya kasalahan.
	3	Sedeng	pasemon/gerak-gerik kurang alus, tapi masih bisa ditarima.
	2	Kurang	pasemon/gerak-gerik kaleuleuwihi, kurang luwes jeung ngaganggu.
	1	Kurang pisan	pasemon/gerak-gerik teu pas jeung teu aya éksprési.
Jumlah Skor	6-30		
Peunteun	2-10		

Skala Likert (Ridwan, 2007:12)

Kacindekan skor

- Hadé pisan : 30-27
 Hadé : 26-23
 Sedeng : 22-18
 Kurang : 17-12

Eneng Linda Purnamasari, 2013

Éféktivitas Média Audio-Visual Pikeun Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kurang pisan : 11-6

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, saterusna dilaksanakeun kagiatan ngolah data, anu ngawengku sababaraha kagiatan saperti ieu di handap.

3.7.2 Uji Sipat Data

Pikeun ngabuktikeun hipotésis perlu ayana sipat data. Data nu diuji téh nya éta gain antara skor tes awal jeung skor tes ahir. Pangna nu diuji téh gain antara skor tes awal jeung skor tes ahir lantaran ieu panalungtikan téh nyoko perkara éféktivitas média *audio-visual* dina pangajaran maca dongéng upama dipaké di kelas.

Nguji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas.

3.7.2.1 Uji Normalitas

Tujuan diayakeun uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata.

Pikeun nangtukeun yen data téh miboga sipat anu normal atawa henteu normal, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2).

Dina nangtukeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nyieun tabél frekuensi skor pratés

Tabél 3.4

Frékuensi Peunteun Pratés

<i>Skor (X)</i>	<i>F</i>	<i>fx</i>	<i>fx²</i>

- 2) Ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés jeung pascatés

$$M = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

- 3) Ngitung standar deviasi (SD)

$$SD = \sqrt{\frac{N \sum(fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

Katerangan:

SD : Standar Deviasi

N : Jumlah subyék panalungtikan

$\sum fx^2$: Jumlah frékuénsi x nilai

$(\sum fx)^2$: Jumlah frékuénsi nilai x dikuadratkeun

- 4) Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

atawa

$$k = \frac{r}{p} + 1$$

- 5) Nyieun daftar frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi anu ngawengku:

(1) Nangtukeun rentang (r) ngagunakeun rumus

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(2) Nangtukeun jembar kelas (p) ku cara milis angka ganjil 1.3.5.7.

$$p = \frac{r}{k}$$

- 6) Nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi (O_i)

- 7) Ngitung Z

$$Z = \frac{bk - x}{SD}$$

- 8) Nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_2 \text{ tabel} - Z_1 \text{ tabel}$$

- 9) Ngitung frekuensi ékspétasi

$$E_i = L x N$$

10) Nangtukeun chi kuadrat (x^2)

$$x^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

11) Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi

Tabél 3.5

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi Pratés

Kelas	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	Z ₁ Tabél	Z ₂ Tabél	L	E _i	x ²

12) Nangtukeun derajat (db)

$$db = k - 3$$

13) Nangtukeun normalitas

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap.

$X^2_{itung} < X^2_{tabél}$ hartina distribusi data normal

$X^2_{itung} > X^2_{tabél}$ hartina distribusi data teu normal

3.7.2.2 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén-henteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogen-henteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat*.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok

- Variasi pratés (SI^2)

$$SI^2 = \frac{n \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- Variasi pascaté (S²)

$$SI^2 = \frac{n\sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- 2) Hasil variasi disupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

(Arikunto, 2006:321)

Katerangan:

F : Harga varian anu rék ditéangan

S²b : Variasi nu leuwih gedé

S²k : Variasi nu leuwih leutik

- 3) Ngitung db

$$db = n - 1$$

- 4) Nangtukeun F tabél

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap.

F_{itung} < F_{tabél} hartina variasi sampel homogén

F_{itung} > F_{tabél} hartina variasi sampel teu homogén

3.7.3 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascaté. Tina hasil ieu uji gain, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana média audio visual dina pangajaran maca dongéng.

Pikeun nangtukeun uji gain ngagunakeun tabél ieu di handap

Tabél 3.6
Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Maca Dongéng
Ngagunakeun Média *Audio-Visual*

No.	Praté	Pascaté	Σ	d	d ²

3.7.4 Uji Hipotésis

Dina uji hipotésis langkah-langkahna saperti ieu di handap.

- (1) Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung postés

Tabél 3.7
Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No	Praté	Pascaté	d	d ²	Xd (d-md)

- (2) Ngagunakeun mean tina béda pratés jeung pascaté kalawan ngagunakeun rumus:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- (3) Derajat kabébasan (db) kalawan rumus:

$$db = n - 1$$

- (4) Ngitung t kalayan rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

(5) Ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2010:350)

(6) Nafsirkeun data

(7) Nyieun kacindekan

Ditarima henteuna hipotesis ngagunakeun kritéria ieu di handap.

Lamun $F_{itung} < F_{tabel}$ hartina variasi sampel homogén

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina variasi sampel teu homogén

- a) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima, yén média *audio-visual* éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-J SMP Negeri 45 Bandung.
- b) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis teu ditarima, yén média *audio-visual* teu éféktif dina ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-J SMP Negeri 45 Bandung.

3.8 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah anu kudu dilaksanakeun. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) tahap tatahar; (2) tahap pelaksanaan; jeung (3) tahap ngolah data.

3.8.1 Tahap Tatahar

Tahap tatahar dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngaidentifikasi masalah anu perlu diréngsékeun. Dina ieu tahapan dilaksanakeun observasi ngeunaan prosés pangajaran basa Sunda sarta dialog ka guru jeung siswa SMP Negeri 45 Bandung;

- 2) ngajukeun judul skripsi sabada meunang masalah di sakola;
- 3) ngajukeun proposal skripsi;
- 4) nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP);
- 5) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMAN 1 Pelabuhanratu ngeunaan “Éféktivitas Média *Audio-Visual* pikeun Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII J SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)” ; jeung
- 6) néangan sumber data ngeunaan média *audio-visual*.

3.8.2 Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan maca dongéng jeung média *audio-visual*;
- 2) nyiapkeun alat panalungtikan (instrumén); jeung
- 3) ngalakukeun panalungtikan ka kelas.

3.8.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngumpulkeun data anu geus kacangking;
- 2) ngolah data hasil pratés;
- 3) ngolah data hasil postés; jeung
- 4) nyusun laporan hasil panalungtikan.